

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 3.1 Kacindekan

Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta: 1) kamampuh tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMPN 2 Dépok saméméh ngagunakeun média pilem animasi téh kagolong kana katégori “kurang pisan” kalawan peunteun rata-rata 52,2, sedengkeun sabada ngagunakeun média pilem animasi nyaéta kagolong kana katégori “cukup” kalawan peunteun rata-rata 76,5; 2) kamampuh tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMPN 2 Dépok saméméh di kelas nu teu ngagunakeun média pilem animasi téh kagolong kana katégori “kurang pisan” kalawan peunteun rata-rata 50,4 sedengkeun sabada diajar teu ngagunakeun média pilem animasi nyaéta kagolong kana katégori “kurang pisan” kalawan peunteun rata-rata 55,8; 3) aspék-aspék tatakrama basa Sunda nu ngaronjat di kelas nu ngagunakeun média pilem animasi nyaéta basa lemes keur ka sorangan ngaronjat 2,2 poin, basa lemes keur ka batur ngaronjat 3,2 poin, basa loma ngaronjat 2 poin, sedengkeun kelas nu teu ngagunakeun média pilem animasi nyaéta basa lemes keur ka sorangan ngaronjat 1,3 poin, basa lemes keur ka batur teu ngaronjat, basa loma ngaronjat 0,3 poin; sarta 4) aya béda nu signifikan antara kamampuh tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMPN 2 Dépok nu ngagunakeun jeung nu teu ngagunakeun média pilem animasi kalawan nilai signifikansi  $0,00 < 0,05$ .

#### 3.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina widang atikan, hususna dina mangsa révolusi industri 4.0 anu moal bisa leupas tina dunya digital. Pilem animasi jadi salah sahiji téhnologi digital nu bisa dimangpaatkeun pikeun mantuan prosés diajar sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran kalawan leuwih éféktif. Pilem animasi teu saukur dipaké di kelas nalika diajar, tapi bisa jadi média pangajaran di saluareun éta, misalna dina média YouTube, TikTok, Instagram, atawa dipidangkeun dina telepisi nasional. Tangtu

saupama kitu pilem animasi téh bisa jadi média pangajaran nu gampang diaksésna di mana waé jeung ku saha waé.

### 3.3 Rékomendasi

Dumasar kana kacindekan jeung implikasi di luhur, aya sababaraha rékomendasi nu kapaluruh saperti ieu di handap.

- 1) Média pilem animasi bisa digunakeun pikeun pangajaran tatakrama basa Sunda di kelas atawa ngaliwatan média YouTube jeung média sosial séjénna sangkan bisa ditongton ogé ku masarakat umum;
- 2) Média pilem animasi bisa ogé dimangpaatkeun pikeun nepikeun matéri séjénna, henteu kawatesanan ku matéri kabasaan;
- 3) Média pilem animasi dina ieu panalungtikan can sampurna. Ku kituna, perlu dimekarkeun deui dina segi kualitas gambar, sora, carita, jeung nu séjénna; jeung
- 4) Perlu diayakeun pelatihan pikeun guru sangkan miboga kaparigelan dina ngawasa téhnologi pikeun pangajaran, salah sahijina nyieun média pilem animasi.